# Апостол Петры фыццаг фыстæг

## – 1 –

**1** Петрæй, Йесо Чырыстийы апостолæй, – Понты, Галатийы, Каппадокийы, Асийы æмæ Вифинийы чи ныххæлиу, æцæгæлонау дзы чи цæры, Хуыцауы уыцы æвзæрстытæм.

**2** Кæй уæ сæвзардзæн, уый Фыд-Хуыцау зыдта рагацау, æмæ Йæ Уд ссыгъдæг кодта сымах, цæмæй Йесо Чырыстийæн уат коммæгæс æмæ уæ цæхсадæуа Йæ Тугæй. Хуыцау уын ноджы фылдæр бахай кæнæд Йæ хорзæх æмæ Йæ фарнæй.

*Уырнджыты зæрдæдарæн*

**3** Арфæгонд уæд нæ Хицау Йесо Чырыстийы Хуыцау æмæ Фыд. Йесо Чырыстийы мæрдтæй кæй райгас кодта, уымæй нын Йе стыр хорзæхмæ гæсгæ радта ног цард æмæ æнæфæцудгæ зæрдæдарæн –

**4** Фесæфæн кæмæн нæй, рæстæджы бар кæуыл нæ цæуы, ахæм хорзæхтæ уæлæрвты æфснайдæй лæууынц сымахæн.

**5** Уырнынад уæм кæй ис, уымæ гæсгæ Хуыцау сымах Йæ хъаруйæ хъахъхъæны, цалынмæ уæ фервæзын кæна, уæдмæ. Уыцы ирвæзындзинад цæттæ у, æмæ йæ Хуыцау раргом кæндзæни рæстæджы кæроны.

**6** Æмæ цин кæнут уыдæтты тыххæй, ныртæккæ уæ алыхуызон фæлварæнты исдуг хъыг бавзарын куы бахъæуы, уæд дæр.

**7** Сызгъæрин бафæразы артæн, фæлæ уæддæр фесæфы; сызгъæринæй зынаргъдæр чи у, уæ уыцы фæлтæрд уырнындзинад раппæлыны, намыс æмæ кады аккаг уыдзæн, Йесо Чырысти куы æрцæуа, уæд.

**8** Сымах цæстæй нæ федтат Чырыстийы, фæлæ Йæ уарзут, æмæ Йæ кæд ныртæккæ нæ уынут, уæддæр Ыл æууæндут æмæ уæ цин у, зæгъæн кæмæн нæй, ахæм.

**9** Уымæн æмæ уæ къухы æфты, уырныдзинад сымах цæмæ хъуамæ æркæна, уый – уæ удты фервæзын кæнын.

**10** Уыцы ирвæзындзинад иртæстой пехуымпартæ æмæ рагагъоммæ загътой, сымахæн нысангонд цы хорзæх уыди, уый тыххæй.

**11** Уыдон архайдтой, хайджын Кæмæй уыдысты, Чырыстийы уыцы Уд сын рагагъоммæ Чырыстийы тухæнты æмæ Йæ фæстæдæры намысы тыххæй куы дзырдта, уæд сын цы афонмæ æмæ æууæлтæм амыдта, уый базоныныл.

**12** Хуыцау сын раргом кодта, цы раиртæстой, уый сæхи хорзæхæн

---

**1:1** 1 Пет. 2:9. **1:2** Эф. 1:4, 7; Дзут. 12:24. **1:3** Ром. 6:4; Эф. 1:3. **1:4** 2 Тим. 4:8. **1:5** Ин. 10:28. **1:6** Мф. 5:12; 2 Кор. 4:17. **1:8** Ин. 20:29; 2 Кор. 5:7. **1:9** Ром. 6:23. **1:10** Мф. 13:17; 2 Пет. 1:21.

нæ, фæлæ уæ хорзæхæн кæй уыди. Цы раиртæстой, уый тыххæй ныр сымахæн загътой, фарны уац уын уæларвæй æрвыст Сыгъдæг Удæй разæнгардæй чи фехъусын кодта, уыдон. Уыцы сусæгдзинад базонынмæ бæллынц зæдтæ дæр.

*Ут сыгъдæг*

**13** Уымæ гæсгæ уæ зонд уæд архайынмæ цæттæ æмæ цырд лæуут; уæ зæрдæ фидарæй дарут, Йесо Чырысти куы æрцæуа, уæд цы хорзæх райсдзыстут, ууыл.

**14** Ут коммæгæс хъæбултау – Хуыцауы куы нæма зыдтат, уæд уæм цы мондæгтæ уыди, уыдоны фæдыл ма цæут,

**15** Фæлæ уæ Æрхонæг куыд сыгъдæг у, афтæ уæхæдæг дæр алы хъуыддаджы ут сыгъдæг.

**16** Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы: «Ут сыгъдæг, уымæн æмæ Æз сыгъдæг дæн».

**17** Чи никæй хъулон кæны, алкæмæн дæр йæ хъуыддæгтæм гæсгæ Чи хæссы тæрхон, кæд Уый уæ Фыд хонут, уæд æцæгæлон бæстæйы уæ цард æрвитут афтæ, æмæ уæм Хуыцауы тас куыд уа.

**18** Уымæн æмæ сымах зонут: уæ фыдæлтæй уын цы ницæйаг цард баззад, уымæй уæ балхæдæуыди, рæстæг кæй бахæрдзæн, ахæм æвзист кæнæ сызгъæринæй нæ,

**19** Фæлæ æнаипп æмæ сыгъдæг Уæрыччы – Чырыстийы зынаргъ Тугæй.

**20** Уый сæвзæрстæуыд дуне сфæлдисыны размæ, æмæ сымах сæраппонд раргом рæстæджы кæрон.

**21** Йæ фæрцы сымах бауæндыдыстут Хуыцауыл. Уый Йæ райгас кодта мæрдтæй æмæ Йын радта намыс, Хуыцауыл куыд æууæндат æмæ Йыл уæ зæрдæ куыд дарат.

**22** Æцæгадæн коммæ бакæсыны руаджы сымах уæ зæрдæтæ ссыгъдæг кодтат æнæцæстмæуарзтæй æфсымæрты уарзынæн. Уæдæ кæрæдзи бауарзут зæрдиагæй.

**23** Уымæн æмæ сымах ногæй райгуырдыстут, мæлæты бар кæуыл цæуы, уыцы адæймаджы мыггагæй нæ, фæлæ Хуыцауы цардæгас æмæ æнусон ныхасы руаджы.

**24** Сыгъдæг Фыст зæгъы: «Алы адæймаг дæр у кæрдæгау, йæ намыс – быдираг дидинæгау: кæрдæг бахус æмæ дидинæг æрызгъæлди;

**25** Хицауы ныхас та мыггагмæ цæры». Уыцы ныхас у, сымах цы фарны уац фехъуыстат, уый.

## – 2 –

**1** Уæдæ ныууадзут алы хæрам, хин, цæстмæми, хæлæг æмæ фыдгой.

**2** Ноггуырд сабитау кæддæриддæр уæ зæрдæ агурæд удæн цардæттæг сыгъдæг æхсыр – рæзты хос уын куыд уа уæ фервæзынæн, афтæ.

**3** Уымæн æмæ сымах базыдтат Хицауы хорзæхы ад.

---

**1:12** Эф. 3:10; 1 Тим. 3:16. **1:13** Лк. 12:35. **1:14** Ап. хъ. 17:30. **1:15** Лк. 1:75. **1:19** 1 Ин. 1:17; 1 Кор. 6:20; Эф. 1:7; Дзут. 9:14; Æрг. 1:5, 20. **1:22** 1 Пет. 2:17. **1:23** Иак. 1:18. **2:1** Кол. 3:8; Дзут. 12:1. **2:2** Мф. 11:3; Мк. 10:14.

*Хуыцауы адæм*

**4** Адæм Кæуыл нæ барвæссыдысты, фæлæ Хуыцау Кæй сæвзæрста æмæ Йын зынаргъ Чи у, æрцæут уыцы Чырыстимæ – удæгас дурмæ.

**5** Æмæ сымах дæр, удæгас дуртау, уæхи раттут Хуыцауæн уæхицæй лæггады хæдзар самайынæн, уыдзыстут дзы сыгъдæг кусджытæ æмæ Йын Йесо Чырыстийы фæрцы хæсдзыстут фæндиаг нывондтæ – лæггад Ын кæндзыстут Сыгъдæг Удæй разæнгардæй.

**6** Уымæн æмæ Сыгъдæг Фысты загъд ис: «Мæнæ Æз Сионы æвæрын сæрæвæрæн – æвзæрст зынаргъ дур, æмæ Йыл чи æууæнды, уый нæ фæхудинаг уыдзæн».

**7** Уæдæ Уый сымахæн, уырнджытæн, хæзна у, æнæуырнджытæн та у, «аразджытæ цы дурыл нæ барвæссыдысты, фæлæ сæрæвæрæн чи сси», «кæуыл фæкæлынц æмæ ахауынц, уыцы дур».

**8** Хуыцауы ныхасæн коммæгæс кæй не сты, уый тыххæй Йыл фæкæлынц. Афтæ сын снысан кодта Хуыцау.

**9** Сымах та стут «æвзæрст мыггаг, лæггадгæнджытæ Паддзахæн, Хуыцау Йæхи кæй бакодта, уыцы сыгъдæг адæм», талынгæй уæ Йæ диссаджы рухсмæ Æрхонæджы алæмæты хъуыддæгты тыххæй куыд хъусын кæнат.

**10** Кæддæр Хуыцауы адæм нæ уыдыстут, ныр та Йæ адæм стут. Кæддæр Ын Йæ хорзæх нæ зыдтат, ныр та дзы хайджын стут.

*Цæрут*
*Хуыцауы цагъартау*

**11** Мæ уарзон хæлæрттæ, курын сымахæй, æцæгæлон бæстæйы рæстæгмæ цæрджытæй: уæ тæригъæдджын æрдзыхъæды мондæгты коммæ ма кæсут – уыдон уæ уды ныхмæ тох кæнынц.

**12** Муртатты æхсæн уæ цард уæд фæзминаг. Фыдгæнджытæ цыма стут, уыйау уыл кæд уыдон цъыф калынц, уæддæр уындзысты уæ хорз хъуыддæгтæ æмæ скад кæндзысты Хуыцауæн, куы æрцæуа, уæд.

**13** Хицауы сæраппонд коммæгæс ут, кæй бар уыл цæуы, уыдонæй алкæмæн дæр: паддзахæн – уæлдæр хицауиуæггæнæгæн,

**14** Фыдгæнджыты бафхæрыны æмæ хæрзгæнджыты барæвдауыны тыххæй паддзах кæй сæвæры, уыцы хицæуттæн.

**15** Уымæн æмæ Хуыцауы афтæ фæнды, цæмæй уæ хорз хъуыддæгтæй кæрон сæвæрат æнæзонд адæмы æнæфенд ныхæстæн.

**16** Цæрут сæрибар адæмау – Хуыцауы цагъартау. Фæлæ уæ сæрибар æвзæр митæ ма расайæд.

**17** Аргъ кæнут алкæмæн дæр, уарзут æфсымæрты, тæрсут Хуыцауæй, нымайут паддзахы.

**18** Цагъартæ, нымайут уæ хицæутты æмæ сын ут коммæгæс, стæй зæрдæхæлар æмæ æвæлмас

---

**2:4** Мф. 16:18; 21:42. **2:5** Æрг. 1:6. **2:6** Ром. 9:33. **2:7** Мф. 21:42. **2:9** Ап. хъ. 26:18. **2:10** Ром. 9:25. **2:11** Ром. 13:13; Гал. 5:16. **2:12** Мф. 5:16. **2:13** Ром. 13:1; Тит. 3:1. **2:16** Гал. 5:13. **2:17** 1 Пет. 1:22; Ром. 12:10.

чи у, æрмæст уыдонæн нæ, фæлæ
тызмæгтæн дæр.

**19** Уымæн æмæ исчи æназымæй
æфхæрд æмæ хъизæмæрттæ куы
æвзара, æмæ Хуыцауимæ йæ зæр-
дæ кæй ис, уый сæраппонд куы
быхса, уæд уый Хуыцауæн фæн-
дон у.

**20** Уе 'взæр хъуыддæгты тыххæй
æфхæрд куы æйййафат æмæ куы
быхсат, уæд дзы раппæлинагæй цы
ис? Фæлæ кæд хорз хъуыддæгтæ
аразут, афтæмæй хъизæмар æвза-
рут æмæ стут фæразон, уæд уый
Хуыцауæн фæндон у –

**21** Хуыцау уæ уый тыххæй сæв-
зæрста. Уымæн æмæ Чырысти дæр
хъизæмар бавзæрста сымах сæрап-
понд, æмæ уын у фæзминаг, цæ-
мæй цæуат Йæ фæдыл.

**22** Чырысти тæригъæды никуы
бафтыд, æмæ Йæ дзыхæй мæнг-
ныхас никуы рацыди.

**23** Дзырдтой Йын æвзæртæ,
фæлæ æвзæр ныхасæй дзуапп нæ
лæвæрдта, хъизæмарæй Йæ мард-
той, фæлæ сæ никæмæ æртхъи-
рæн кодта – æппæт дæр бакодта
Æнæхæрам Тæрхонгæнæджы æв-
джид.

**24** Уый нын нæ тæригъæдтæ Йæ
буаримæ систа дзуармæ, цæмæй
амæлæм тæригъæдæн æмæ цæрæм
рæстдзинадæн. Сымах Йæ хъæд-
гæмттæй сдзæбæх стут.

**25** Уымæн æмæ сымах уыдыстут
дзæгъæл фыстау, фæлæ ныр раз-
дæхтыстут уæ удты Фыййаумæ æмæ
Цæстдарæгмæ.

## – 3 –

*Ус æмæ лæг*

**1** Афтæ сымах дæр, устытæ, кæ-
сут уæ лæгты коммæ, Хуыцауы
ныхасæн дзы чи нæ сæтты, цæмæй
уыдонæн зæгъын дæр ма бахъæуа,
фæлæ сæ Хуыцаумæ æрхона сæ ус-
тыты цард,

**2** Уымæн æмæ фендзысты, сы-
мах кæй цæрут сыгъдæгæй æмæ
уæм кæй ис Хуыцауы тас.

**3** Æддаг бакастæй чи зыны, дзык-
куты уыцы аив быд, сызгъæрин
фæлындæнтæ кæнæ аив дарæс ма
уæнт уæ фидауц,

**4** Фæлæ уæ зæрдæйы уаг, Хуыца-
уы цæсты тынг зынаргъ чи у, уы-
цы æвæлмас æмæ сабыр удыхъæды
æнæмæлгæ рæсугъддзинад.

**5** Хуыцауыл йæ зæрдæ чи дард-
та, уыцы сыгъдæг устытæ дæр раг-
заманы фидауцджын уыдысты, сæ
лæгты коммæ кæй кастысты, уы-
мæй.

**6** Афтæ Саррæ уыд Авраамæн
коммæгæс, æмæ йæ хуыдта йе 'лдар.
Кæд сымах хорз хъуыддæгтæ ара-
зут æмæ уыл фæстæмæ ницавæр
тас хæцы, уæд Саррæйы хъæбултæ
стут.

**7** Сымах дæр, лæгтæ, цæрут уæ
устытимæ, уыдон лæмæгъдæр кæй
сты, уый æмбаргæйæ. Аргъ сын кæ-
нут, уымæн æмæ уыдон дæр уемæ
райсдзысты Хуыцауы хорзæх – мыг-
гагмæйы цард. Афтæмæй уæ куывд
нæ фæкъуылымпы уыдзæн.

---

**2:19** Мф. 5:10. **2:20** 1 Пет. 3:14; 4:14. **2:21** Мф. 16:24; Флп. 2:5. **2:22** 1 Ин. 3:5. **2:24** Мф. 8:17; Ром. 6:2. **3:1** Эф. 5:22; Кол. 3:18. **3:3** 1 Тим. 2:9. **3:4** Ром. 7:22; 2 Кор. 4:16. **3:7** 1 Кор. 7:3; Гал. 3:28.

*Фыдæхæн фыдæхæй ма фидут*

**8** Уæдæ уеппæт дæр ут æмзонд,
иннæйы мæт æмæ цинæй хайджын,
æфсымæруарз, зæрдæхæлар, сæр-
ныллæг.

**9** Фыдæхæн ма фидут фыдæхæй,
æфхæрæн ныхасæн – æфхæрæн ны-
хасæй. Уый нæ, фæлæ Хуыцауæй ку-
рут хорзæх æфхæрджытæн – Хуыцау
сымах уый тыххæй æрхуыдта. Æмæ
уыл уæд æрцæудзæн Йæ хорзæх.

**10** Уымæн æмæ «тæхудиаг цар-
дæй цæрын æмæ хорз рæстæг фе-
нын кæй фæнды, уый ма уæд марг-
æвзаг æмæ йæ дзыхæй ма рацæуæд
мæнгныхас,

**11** Ныууадзæд фыдæх æмæ ара-
зæд хорз хъуыддæгтæ, зæрдиагæй
тырнæд фидыдмæ.

**12** Хицау Йæ цæст дары рæст-
гæнджытæм æмæ сын хъусы сæ
куывдмæ; фыдгæнджытæн та Хицау
сæ ныхмæ у».

**13** Æмæ хорз хъуыддæгтæм куы
тырнат, уæд уын фыдбылыз чи хъуа-
мæ сараза?

**14** Фæлæ кæд Хуыцауæн фæн-
дон хъуыддæгты тыххæй тухæн æв-
зарут, уæд тæхудиаг стут; уе ’фхæр-
джытæ уæ цæмæй тæрсын кæнынц,
уымæй та ма тæрсут æмæ ма тыхсут.

**15** Зæрдæбынæй кад кæнут
Чырыстийæн – уæ Хицауæн. Уæ
зæрдæдарæны бындурæй уæ чи
фæрса, уымæн кæддæриддæр цæт-
тæ ут æвæлмасæй æмæ Хуыцауæй
тæрсгæйæ дзуапп раттынмæ.

**16** Уæ цæсгомыл къæм абадын
ма бауадзут, æмæ фæхудинаг уой,
уæ дзæбæх чырыстон цардыл цъыф
чи калы, уыдон.

**17** Уымæн æмæ Хуыцауы фæн-
дæй иугæр хъизæмар бавзаргæ куы
уа, уæд æй æвзæр хъуыддæгты бæс-
ты фæлтау хорз хъуыддæгты тых-
хæй бавзар.

**18** Уымæн æмæ Чырысти дæр
мах Хуыцаумæ æрхоныны охыл
уыциу хъизæмар бавзæрста – Йæ-
хæдæг æназым уыди, афтæмæй
азымджынты сæраппонд амарди
уыдоны тæригъæдты тыххæй. Йæ
буар Ын амардтой, фæлæ уды æгъ-
дауæй райгас,

**19** Æмæ афтæмæй ацыд æмæ
хъусын кодта уац ахст удтæн –

**20** Кæддæр Хуыцауæн чи нæ ба-
саст, уыдонæн. Хуыцау сын быхста
æмæ æнхъæлмæ касти, цалынмæ
Ной нау арæзта, уæдмæ. Уыцы науы
æрмæст цалдæрæй – аст адæйма-
джы – фервæзтысты доны фæрцы.

**21** Уыцы дон фæсномыгæй амыд-
та донаргъуыдмæ; донаргъуыд та у
буары чъизи æрæхсын нæ, фæлæ
Хуыцауæн сыгъдæг цæсгомимæ цæ-
рыны тыххæй зæрдæ бавæрын*. Дон-
аргъуыд абон сымах ирвæзын кæны
Йесо Чырыстийы райгасы фæрцы –

* **3:21** Ацы бынат тæлмац кæнынц афтæ дæр: *Уыцы дон фæсномыгæй амыдта донаргъуыдмæ; донаргъуыд та буары чъизи æрæхсын нæу, фæлæ у Хуыцаумæ сыгъдæг цæсгомы тыххæй кувын.*

**3:8** Ром. 15:5. **3:9** Мф. 5:39; Ром. 12:14, 17. **3:14** Мф. 5:10. **3:15** Кол. 4:6. **3:16** 1 Пет. 2:12. **3:17** 1 Пет. 4:15. **3:18** Ром. 5:6; Дзут. 9:28. **3:19** Кол. 2:15. **3:20** Мф. 24:37; Лк. 17:26. **3:21** Ром. 6:4; Эф. 1:20.

**22** Уый ацыд уæларвмæ, бады Хуыцауы рахиз фарс, Йæ дæлбар сты зæдтæ, уæларвон барджынтæ æмæ тыхджынтæ.

# – 4 –

*Дæ цард снывонд кæн Хуыцауæн*

**1** Чырысти буарæй хъизæмæрттæ кæй бавзæрста, уымæ гæсгæ сымах дæр Йæ цæстæй кæсут хъизæмæрттæм æмæ уымæй ифтонг кæнут уæхи, уымæн æмæ буарæй тухæнгæнæг тæригъæды нал æфты –

**2** Буары цæрынæн ма йын цы рæстæг баззади, уый æрвиты адæймаджы тæригъæдджын мондæгтæ æфсадгæйæ нæ, фæлæ Хуыцауæн фæндиагæй.

**3** Æгъгъæд уын фæуæд, ивгъуыд заман муртатты æгъдæуттæм гæсгæ цас фæцардыстут, уый – уыдыстут хæлд адæм, чъизи монцты, фыднозты æмæ æнæуаг миты уацайрæгтæ, куывтат æлгъаг мæнгхуыцæуттæн.

**4** Ныр муртаттимæ иумæ уыдонæн сæ хæлд хъуыддæгты цъымарайы кæй нал ныгъуылут, уый сæ æфтауы дисы æмæ уыл цъыф калынц.

**5** Уыдон дзуапп ратдзысты, удæгæстæн æмæ мæрдтæн тæрхон рахæссынмæ цæттæ Чи у, Уымæн.

**6** Уымæ гæсгæ фарны уац мæрдтæ дæр уый тыххæй фехъуыстой, æмæ адæмæн тæрхон куыд рахастæуы, кæд уыдоны буарæн тæрхон афтæ рахастæуыд, уæддæр уды æгъдауæй цæрой Хуыцауимæ.

**7** Рæхджы алцæмæн дæр уыдзæни кæрон. Уæдæ ут хæдзонд, кæддæриддæр цæттæ æмæ кувут.

**8** Фыццаджыдæр кæрæдзи уарзут зæрдиагæй, уымæн æмæ уарзондзинады фæрцы бирæ тæригъæдтæ ныббарстæуы.

**9** Кæрæдзийы-иу суазæг кæнут зæрдиагæй, æнæ хъуыр-хъуырæй.

**10** Сымахæй алкæмæн дæр рардæуыд йæхи курдиат, æмæ уæ алчидæр Хуыцауы лæвæрд уыцы алыхуызон хорзæхтæй раст пайда кæнæд кæрæдзийæн лæггады охыл.

**11** Чи амоны, уый амонæд Хуыцауы ныхас; чи лæггад кæны, уый лæггад кæнæд, Хуыцау ын цы хъару дætты, уымæй – уæ алы хъуыддагæй дæр Йесо Чырыстийы фæрцы Хуыцау куыд скадджын уа, афтæ. Кад æмæ Йын паддзахад уæд мыггагæй-мыггагмæ! Амен.

**12** Мæ уарзон хæлæрттæ, уæ бафæлварыны тыххæй фыдæвзарæнты кæй æфтут, уый уæм диссаг ма кæсæд, цыма уыл цыдæр æнахуыр хъуыддаг æрцыди, уыйау,

**13** Фæлæ цин кæнут, Чырыстийы тухæнтæй хайджын кæй стут, ууыл, æмæ хъæлдзæг æмæ зæрдæрухс уыдзыстут, Йæ намыс куы раргом уа, уæд.

**14** Кæд уыл Чырыстийы номы тыххæй цъыф калынц, уæд тæхудиаг стут, уымæн æмæ Хуыцауы намысджын Уд уæ зæрдæты ис. [Уыдон Æй фауынц, сымах та Йæ кадджын кæнут.]

---

**3:22** Мф. 28:18; Эф. 1:20. **4:1** 1 Пет. 2:21. **4:2** 2 Кор. 5:15; Гал. 2:20. **4:3** Эф. 4:17. **4:4** 1 Пет. 2:12. **4:5** 2 Тим. 4:1. **4:7** Лк. 21:34; Иак. 5:8. **4:9** Ром. 12:13; Флп. 2:14; Дзут. 13:2. **4:14** Дзут. 13:2.

**15** Æрмæст марыны, кæнæ давыны, кæнæ æндæр фыдракæнды, кæнæ искæй хъуыддæгты хи нытъыссыны тыххæй уæ æфхæрд макæмæ æрхауæд.

**16** Фæлæ чырыстон кæй у, кæд уый тыххæй исчи тухæны æфты, уæд æм худинаг ма кæсæд, фæлæ стауæд Хуыцауы, цы ном хæссы, уый тыххæй.

**17** Уымæн æмæ ралæууыд тæрхонæн Хуыцауы хæдзарæй райдайыны рæстæг. Æмæ кæд тæрхон махæй райдайдзæн, уæд Хуыцауы фарны уацæн чи нæ сæтты, уыдонæн та цæуыл ахицæн уыдзæн?

**18** «Кæд рæстгæнæг зынтæй ирвæзы, уæд æнæхуыцау тæригъæдджын цы фæуыдзæн?»

**19** Уæдæ Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ чи æвзары тухæн, уыдон сæхи бафæдзæхсæнт иузæрдион Сфæлдисæгыл æмæ дарддæр дæр аразæнт хорз хъуыддæгтæ.

## – 5 –

*Хуыцау сфидар кæндзæн уырнджыты*

**1** Фыссын уæ аргъуаны хистæртæм. Æз дæр дæн аргъуаны хистæр, Чырыстийы тухæнтæн æвдисæн, æмæ, цы намыс хъуамæ раргом уа, уымæй чи схайджын уыдзæн, уыдонæй иу. Курын уæ:

**2** Сымахыл кæй бафæдзæхстæуыд, Хуыцауы уыцы дзуг æнæбарæ, æфтиаджы тыххæй ма хизут, фæлæ зæрдиагæй, æнувыдæй – Хуыцауæн фæндонæй.

**3** Уæ бæрны чи ис, уыдонæн æлдæрттæ ма ут, фæлæ дзугæн ут фæзминаг.

**4** Æмæ Хистæр Фыййау куы æрцæуа, уæд райсдзыстут æнæмæлгæ намысы хæрзиуæг.

**5** Сымах дæр, кæстæртæ, кæсут хистæрты коммæ. Уырнджытæ, уеппæт дæр кæрæдзийы раз ут сæрныллæг, уымæн æмæ «Хуыцау сæрыстыртæн сæ ныхмæ у, сæрныллæджытæн та хорзæх дæтты».

**6** Уæдæ уæхи æрныллæг кæнут хъомысджын Хуыцауы раз æмæ, афон куы ралæууа, уæд уæ сбæрзонд кæндзæн.

**7** Уеппæт сагъæстæ бакæнут Йæ бар, уымæн æмæ Йæ мæт сымахыл у.

**8** Ут къæрцхъус æмæ цырд лæуут, уымæн æмæ уæ фыдгул хæйрæг цæуы богътæгæнæг домбайау æмæ агуры, кæй аныхъуыра, ахæмты.

**9** Фидар уырнындзинадимæ æрлæуут йæ ныхмæ – уе ’фсымæртæ дæр æппæт дунейы ахæм тухæнтæ кæй æвзарынц, уый сымах зонут.

**10** Исдуг æвзардзыстут тухæнтæ, фæлæ алы хорзæх дæр Кæмæ ис, уыцы Хуыцау уæ сæвзæрста Чырыстиимæ иугондæй Йæ мыггагмæйы намысæй хай райсынмæ, æмæ уын Йæхæдæг ратдзæн ног тыхтæ, скæндзæн уæ удвидар æмæ æнæфæцудгæ хъаруджын.

**11** Паддзахиуæг кæнæд мыггагмæ! Амен.

**12** Ацы цыбыр фыстæг уæм ныффыстон, иузæрдионыл кæй

**4:15** 1 Пет. 2:19; 3:17. **4:17** Лк. 23:31. **5:1** Ап. хъ. 1:8; Ром. 8:17. **5:2** Ап. хъ. 20:28. **5:3** Мк. 10:44. **5:5** Иак. 4:6; Эф. 5:21; Флп. 2:3. **5:6** Иак. 4:10. **5:7** Мф. 6:32; Лк. 12:30. **5:8** Лк. 22:31. **5:9** Ап. хъ. 14:22. **5:10** 2 Кор. 4:17.

нымайын, уыцы æфсымæр Силуаны æххуысæй. Фæнды мæ сымах фæныфсджын кæнын, цы хорзæхы фæдыл фыссын, уый Хуыцауы æцæг хорзæх кæй у, уымæн æвдисæн ныллæууын. Фидар хæцут уыцы хорзæхыл.

13 Саламтæ уын дæттынц, сымахау Хуыцау кæй сæвзæрста, Вавилоны* уыцы аргъуан, стæй мæ хъæбул Марк.

14 Кæрæдзийæн салам дæттут æфсымæрон уарзты байæ. Фарн уеппæтæн дæр – Чырыстиимæ чи ис, уыдонæн.

* 5:13 Апостол Петр, æвæццæгæн, *Вавилон* хоны Ромы сахары – уымæн дæр йæ цæрджытæ, кæддæры вавилойнæгтау, æфтыд уыдысты алы тæригъæдты.